


CHII CHINONZI **GREEN REVOLUTION MUAFRICA?**



duducosho.com

Green Revolution zvinoreva budiriro inoberekwa nemhando dzembeu dzinonzi dzinokohwa pakuru, uyewo dzichinzi 'mbeu dzakavandudzwa' kana 'mbeu dzakauchikwa'. Mbeu idzi dzinogadzirwa kuti dzibudise goho rakawedzera pa hectare, sezvo chimwe chikamu chinogadzirwa pasure chinosanganisira mafetireza ekugadzirwa, mishonga yezvipembenene nemimwe mishonga yakadaro pakurima, mari yekurimisa, misika yekutengesera goho, etc.

Vatsigiri ve Green Revolution vanoita nharo kuti nzira yavo yakanakisisa kukurudzira kurima kunoenderera mberi, nokuchengetedza zvokudya

zvinovaka muviri. Kufunga kwavo ndekwekuti varimi vachaita zveketenga zvibatiso pakurima (zvingatanga nekubatsirwa panguva yokutanga shoma kuti vatangise basa), izvo zvichaita kuti vakwanise kuwana goho repamusoro kuti vakwanise kutengesa nepurofiti. Izviwo, richibudisa mari yakakwana inokwanisa kunotenga zvokudya nezvavanoda kusvikira mumwaka unotevera uye vatenge zvibatiso zvemwaka unenge uchitevera.

Kutaura chokwadi, hazvikwanisike kushanda nenzira iyi, uye chikamu chidoko chevarimi vanogona kubatsirwa nzira iyi.